ҳуқықый кепилликлерин беккемлеў тараўында кең көлемли жумыслар әмелге асырылды. Усындай қолайлы шараятлар жаратылыўы нәтийжесинде киши бизнес ҳәм жеке исбилерменлик субъектлериниң саны Қарақалпақстан Республикасы бойынша 2000-жылда 9063 ти қураған болса, 2021-жылға келип олардың улыўма саны 20 мыңға жетти [12:1]. Бүгинги күнде экономикамыздың раўажланыўына үлес қосып атырған исбилерменлик субъектлериниң түрли тараўларда жумыс алып барып, өз мийнети менен үлкен жетискенликлерге ерисип атырғанын көриўимизге болады. Атап айтқанда, аўыл хожалығы тараўында, саўда тараўында, қурылыс ҳәм санаат тараўларында жоқары көрсеткишлерге ерисилмекте.

**Әдебиятлар**


1. «Бизнес-вестник Востока»: http://www.uzbekistan.org.ua/ru/investclimat //kungradskij-sodovyj-zavod-vvel-v-stroj-vtoruyu-ochered-moshchnostej.html
2. /«Еркин Қарақалпақстан». 6 декабрь 2015 жыл
3. /«Вести Каракалпакстана». 2011 год 27 августа; «Еркин Қарақалпақстан». 15 ноябрь 2016 жыл
4. /«Еркин Қарақалпақстан». 16 август 2011.
5. /«Еркин Қарақалпақстан». 15 ноябрь 2016.
6. /«Вести Каракалпакстана». 2011 год 27 августа
7. /«Еркин Қарақалпақстан». 29 август 2015.
8. /«Еркин Қарақалпақстан». 8 август 2017.
9. /«Еркин Қарақалпақстан». 31 август 2018.
10. /«Еркин Қарақалпақстан». 1 июль 2021.
11. КА ҚР Кәмбағаллықты қысқартыў ҳәм бәнтлик министрлиги. Инфографика: Социально-экономическое развитие Республики Каракалпакстан за 2017-2021 годы. -Н.: 2022.
12. /«Еркин Қарақалпақстан». 3 май 2021.



**РЕЗЮМЕ.** Мазкур мақолада 2000 йиллардан бошлаб мамлакатимизда бошланган иқтисодий ислоҳотлар даврида ва кейинги босқичларда, шунингдек, туб ислоҳотлар даврида Қорақалпоғистон Республикаси халқ хўжалигининг барча тармоқларининг барқарор ривожланишини таъминлашга қаратилган чора-тадбирлар кўрсатилган. 2017-2021 йилларда иқтисодиёт секторининг шунингдек, вилоятда иқтисодий ислоҳотларни чуқурлаштириш йўлида иқтисодиётни модернизациялаш масалалари ўз ифодасини топгани иқтисодиётда хусусий секторни кўпайтириш, аҳолини ижтимоий қўллаб-қувватлаш жараёнларини кўрсатмоқда.

**РЕЗЮМЕ.** В данной статье представлены мероприятия, направленные на обеспечения стабильного развития всех отраслей народного хозяйства Республики Каракалпакстан в период начавшихся экономических реформ в стране с 2000-х годов и в последующие этапы, а также в период коренных реформ экономической отрасли в 2017-2021 годы. Также на пути углубления экономических реформ в крае отражены вопросы модернизации экономики, где показаны процессы увеличения частного сектора в экономике и социальная поддержка населения.

**SUMMARY.** This article presents measures aimed at ensuring the stable development of all sectors of the national economy of the Republic of Karakalpakstan during the period of economic reforms that began in the country since the 2000s and in subsequent stages, as well as during the period of fundamental reforms of the economic sector in 2017-2021. Also, on the way to deepening economic reforms in the region, the issues of modernizing the economy are reflected, which shows the processes of increasing the private sector in the economy and social support for the population.


## TARIYXÍY SHÍNLÍQTÍ IMITACIYALAWDA MUZEY EKSPONATLARÍNÍŃ ÁHMIYETI


**A.S.Seyfullaev** – *tayanısh doktorant*

*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*



**Tayanch so'zlar:** tarixiy voqelik, tarixiy tafakkur, muzey, muzey ekspozitsiyalarini imitatsiyalash, muzey pedagogikasi, virtual ekspetsiya, madaniy tarbiya.

**Ключевые слова:** историческая реальность, историческое мышление, музей, имитация музейных экспозиций, музейная педагогика, виртуальная экспедиция, культурное воспитание.

**Key words:** historical reality, historical thinking, museum, imitation of museum expositions, museum pedagogy, virtual expedition, cultural education.


Búgingi kúni mámleketimizde milliy rawajlanıwdıń jańa dáwirine qádem taslamaqta. Barlıq tarawlarda úlken ózgerisler júz berip, xalqımız turmısın abadan etiwge, párawanlıǵın támiyinlewge qaratılǵan jańalanıwlar ámelge asırılmaqta. Bunıń nátiyjesinde bul baǵdarda kólemli jumıslar orınlanıp, joqarı kórsetkishlerge erisildi. Biraq, bul biz isleniwi tiyis jumıslardı islep boldıq degeni emes. Ele de isleniwi kerek jumıslar, sheshimin kútip turǵan máseleler kópshilik. Bul máselelerdiń unamlı sheshiliwi kóp jaǵınan keń jámiyetshiligimizdiń belsendiligine, xızmeti hám bilimine de baylanıslı bolıp tabıladı.

Basqa tarawlar siyaqlı, bilimlendiriw salasında da túpkilikli ózgerisler ámelge asırılıp, onnan gózlengen maqset kreativ pikirleytuǵın, logikalıq oylawǵa iye, turmıs kónlikpeleri qáliplesken náwqıran áwladtı tárbiyalap jetilistiriw bolıp tabıladı. Ózbekstan Respublikası Prezidenti Sh.Mirziyoev óziniń Oliy Májlis hám Ózbekstan xalqına jollaǵan Múrájatında tálim-tárbiyanıń mámleket hám jámiyet turmısındaǵı tutqan ornı hám áhmiyetine ayrıqsha toqtalıp, jańa Ózbekstan ushın eń úlken investiciya bolǵan bilimlendiriwdi qollap-quwatlawǵa tiykarǵı itibar qaratılıwı tiyis ekenligin atap ótti. «Mádet-tálimde, mádet-tárbiyada, mádet-bilimde». Sebebi, barlıq iygilikli islerge bilim hám tárbiya arqasında erisiledi [1].

Ótmishti úyreniw ulıwma insanıy qádiriyatlardı ańlap jetiwde, óz ata-babalarınıń jáhán mádeniyatına qanshelli dárejede úles qosqanlıǵın biliwde hám bul dástúrlerdi dawam ettiriwge múnásip bolıwları kerekligin seziniwleri ushın da áhmiyetli. Tariyxıy bilimlerdiń hár bir insan ushın áhmiyeti qanshelli úlken ekenligin tereń sezingen halda, mámleketimizde tariyxtı oqıtıw mámleket siyasatı dárejesine kóterildi. Sebebi, tariyx sabaqları insandı sergeklikke úyretedi, erk-ıqrarın bekkemleydi [2].

Mámleketimizde social-gumanitar ilimlerdiń rawajlanıwı hár bir insannıń ótmishti ańlap jetip, keleshegin boljawına, juwmaqlar shıǵarıwına úlken járdemin tiygizedi. Sonlıqtanda Ózbekstan Respublikası Prezidenti Sh.Mirziyoev ilimdi rawajlandırıwǵa baǵıshlanǵan májilislerde, alımlar menen bolǵan ushırasıwlarında bul baǵdardaǵı isleniwi tiyis jumıslar júzesinen óziniń pikirlerin bildirip kelmekte: Atap aytqanda, «Bir haqıyqattı bárshemiz tereń túsinip alıwımız zárúr: milliy tariyxtı, milliy ruwx penen jaratıw kerek. Bolmasa onıń tárbiyalıq tásiri bolmaydı. Biz jaslarımızdı tariyxtan sabaq alıw, juwmaq shıǵarıwǵa úyretiwimiz, olardı tariyx ilimi, tariyxıy oy-óris penen qurallandırıwımız zárúr» [3] degen pikiri búgingi kún ushın aktual másele bolıp tabıladı.

Ulıwma orta bilim mekteplerinde ótiletuǵın tariyx páni sabaqlarında oqıwshılardıń tariyxıy bilimlerin, oy-órisin rawajlandırıwda muzey ekspoziciyalarınıń ornı girewli. Muzey degende xalıqtıń, eldiń, millettiń, mámlekettiń tariyxın, ekonomikasın, ruwxıy turmısın, kórkem-ónerin, tábiyatın, milliy qadriyatların jıynap, qádirlep-qásterlep saqlap, úgit-násiyatlap hám keleshek áwladqa jetkerip, onı

tárbiyalawǵa xızmet etetuǵın mekeme túsiniledi. Ekinshi jaǵınan muzeyler ilimiy-izertlew jumısların alıp barıwshı orın. Ilimniń rawajlanıwı menen muzey isi de ósip rawajlanadı.

Muzey tabılmaların tariyx sabaqlarında hám klasstan tıs jumıslarda nátiyjeli qollanıw múmkin. Muzeylerde shólkemlestirilgen sabaqlar óziniń tásirsheńligi hám qızıqlı bolıwı menen ajıralıp turadı. Muzeydiń ayırım eksponatların uslaw, qolǵa alıp kóriw múmkinligi, qıyalıy túrde tariyxıy dáwirge sayaxat etiwge imkan beredi. Bunıń ózi izertlewshi-alımlardıń muzeylerde maǵlıwmatlar obrazlılıq, kórgizbelilik xarakterge iye bolıp, tariyxıy oylaw iskerligin arttıradı, sociallıq tájriybelerdiń hám mádeniyattıń áwladtan-áwladqa ótiwin támiyinlewshi qural bolıp xızmet qıladı degen pikirleri qanshelli haqıyqat ekenligin tastıyıqlaydı [4].

Muzeyler búgingi kúnde bilimlendiriw mekemeleri menen tıǵız baylanısta jumıs alıp baradı. Muzey pedagogikası rawajlanıp barmaqta. Olarda bilimlendiriw baǵdarlamaların islep shıǵıwshı, sabaqlar alıp barıwshı arnawlı bólimler dúzilip, bilimlendiriw mekemeleri oqıwshıları ushın óz aldına ekspoziciyalar shólkemlestiriledi. Muzeylerdiń bilimlendiriw quramlarında maman oqıtıwshılar, klasstan tıs jumıslardı shólkemlestiriwshiler hám oqıwshılarǵa qosımsha bilim beriwshi pedagoglar xızmet qıladı. Bilimlendiriw shólkemleri hám muzeyler ortasında eń kóp tarqalǵan birge islesiw jumıslarınıń biri bul hár qıylı túrdegi ruwxıylıq ilajlar hám muzeylerde sabaq shólkemlestiriw bolıp tabıladı.

Mektep oqıwshıları muzey sayaxatları dawamında úlkeniń tariyxı hám ótmishtegi ata-babalarımızdıń dóretiwshilik xızmeti haqqında baqlawlar júrgizip, olardı jazıp aladı, pikirlew dárejesi tereńlesip baradı. Eksponatlar menen tanısıwı, olardıń hár biri menen óz betinshe dóretiwshilik penen is júrgiziwi sıyaqlı eń áhmiyetli qábiletlerin tárbiyalaydı.

Búgingi kúnde kóplegen muzeyler ózleriniń virtual platformaların tayarlaǵan bolıp, olardan aralıqtan turıp paydalanıw múmkinshilikleri jaratılǵan. Bul onlayn formattaǵı tariyx sabaqların virtual muzeylerde ótkeriw imkanın beredi. Virtual muzeyler onlayn sabaqlar yamasa klasstan tıs jumıslardı ótkeriwde jańa múmkinshiliklerdi jaratıp berdi. Muzey eksponatları virtual tárizde, túrli formada kórsetip beriledi. Virtual túrde ekskursiyalar, turlar, prezentaciyalar hám lekciyalar ótiwge boladı. Tariyx sabaqlarında muzey zallarına kiriw, ayırım eksponatlardı kóriw yaki muzey xızmetkerleriniń maǵlıwmatların tıńlaw múmkin.

Mámleketimizde barlıq tarawlarda bolǵan ózgerisler sıyaqlı muzeyler iskerliginde de jańa dáwir baslandı. Ózbekstan Respublikasınıń Muzeylerdi rawajlandırıwǵa tiyisli qatar Párman hám qararları, ásirese 2014-jıl 11-iyuldegi "Mámleket muzeyleriniń balalar hám olardıń ata-analarına ashıqlıǵın támiyinlew is-ilájları haqqında"ǵı Qararı muzey pedagogikasın, tiykarınan muzeylerde balalar menen islesiwdi alıp barıwdı jolǵa qoyıw boyınsha is-ilajlar, baǵdarlamalastırıw bazasın islep shıǵıw sıyaqlı aktual wazıypalardı qoydı.

Balalar – mádeniy miyrasımız dawamshıları sıpatında muzeydiń turaqlı qatnasıwshıları esaplanadı. Muzey – tek ǵana ruwxıy-aǵartıwshılıq mákanı bolıp qoymay, bálkim kórgizbeli qurallar menen bilim beriwshi úlken quwatqa iye bolǵan tárbiya oshaǵıda bolıp tabıladı [5]. Usı sebepten, bilimlendiriw sistemasında ámelge asırılatuǵın tálim-tárbiya jumıslarınıń nátiyjeliligin támiyinlewde mektep jámááti ushın klastan tıs jumıslarda muzeylerdiń áhmiyeti úlken. Bunıń ushın pánlerdi aldınan muwapıqlastırıp rejege kirgizilgen ámeliy sabaqlar, ekspediciya - sayaxatlar menen baylanıstırǵan halda ótiliwi temanı tereń ózlestiriw effektin arttıradı.

Oqıwshı-jaslar muzeylerdiń turaqlı qatnasıwshıları bolǵanı ushın olar menen islew muzeytanıwshılıqtıń turaqlı zárúr máselelerinen esaplanıp, bunıń ushın zaman talabına sáykes túrli ilájlardı da islep shıǵıw kerek boladı. Bul haqqında J.Ismoilovanıń "Muzey pedagogikası: tájiriybe hám izleniwler" atamasındaǵı maqalasında tómendegi pikirler bizge muzey pedagogikasın rawajlandırıwǵa járdem beredi: XXI ásir baslarına kelip zamanagóy muzeylerde oqıwshı hám studentler menen islew procesleriniń jańa jónelisleri rawajlana basladı. Hátte mektepke shekemgi tárbiya mekemeleri menen de qarım-qatnas boyınsha ayrıqsha tayarlıq kerek boladı. Nátiyjede tájiriybeler negizinde pedagogika pániniń jańa baǵdarı-muzey pedagogikası qáliplesti. Muzey pedagogikası óziniń hár túrli usılları menen túrli jastaǵı insanlar qálbine jol tabıwǵa úlken járdem beredi. Muzey eksponatları, kórsetiwge qoyılǵan buyımlar balalar hám túrli jastaǵı oqıwshılar ushın júdá sırlı hám qızıǵarlı boladı. Mádeniy tárbiya beriwshi pedagog usı sıyqırlı dúnyaǵa alıp kiriwshi jolbasshı wazıypasın orınlaydı [6].

Búgingi kúnde kóplegen shet el muzeyleri teatrlastırılǵan sahnalardan paydalanılmaqta. Bul, ásirese, tariyx hám texnika muzeylerinde unamlı nátiyje beredi. Bul tamashalar bir topar muzey xızmetkerleriniń belgili bir dáwirdi sáwlelendiriwshi qahramanlardıń obrazına kiriwi yaki ekskursovovodlardıń tema boyınsha lipas kiyiwi menen kózge taslanadı.

Tariyxqa qánigelisken muzeylerdiń túrli joybarlar menen islew imkaniyatı joqarı. Máselen, eksponattı tek ǵana teoriyalıq jaqtan emes, ámeliy tárepten de keliwshilerge kórsetiw olardıń qatnasıwı ushın imkaniyat jaratıwı múmkin [7].

Juwmaqlap aytqanda uzaq ótmish sınawlarınan búgingi kúnge shekem óziniń biybaha qunın joytpaǵan bay miyraslarımızdı ózinde jámlegen muzey eskponatları tariyxıy shınlıqtı ashıp beriwshi tiykarǵı derek bolıp tabıladı. Ósip kiyatırǵan náwqıran áwladımızǵa ótmish tariyxımız haqqında muzey tabılmaların imitaciyalaw arqalı tereńnen bilim beriw, tariyxıy processlerge qatnaslılıq sezimlerin sińdirip barıw hám búgingi zamanagóylilik penen baylanıstırıp juwmaqlar shıǵarıwǵa úyretiw oǵada áhmiyetli esaplanadı.

## Ádebiyatlar


1. Mirziyoev Sh.M. / «Xalq so'zi». № 272 -son, 2022- yil 21-dekabr.
2. Mirziyoev Sh.M. / «Xalq so'zi». №13-son, 2021- yil 20-yanvar.
3. Karimov I.A. «Tarixiy xotirasiz kelajak yo'q». –Toshkent: «Sharq», 1998.
4. Serikov V.V. Esteticheskiy potencial obrazovatelnogo processa kak uslovie formatirovaniya tvorcheskogo opıta uchashixsya. // Pedagogicheskoe isskustvo. 2017. №2 (2) -S. 62-67.
5. Muzeyler haqqında Ózbekstan Respublikasınıń Nızamı. 2008, 12-sentyabr, 177-san.
6. Ózbekstan Respublikasınıń «Muzeyler haqqında»ǵı Nızamın júzege shıǵarıw ushın zárúr bolǵan normativ-huqıqıy hújjetlerin tastıyıqlaw haqqında Ózbekstan Respublikası Ministler Kabinetiniń qararı. 2010, 12-aprel, 68-san.
7. Ismoilova J. Muzey pedagogikasi: tajriba va izlanishlar. //«Moziydan sado» 1.(61).2014, 19-b.
8. Xodjaev B.X. Umumta'lim maktabi o'quvchilarida tarixiy tafakkurni modernizatsiyalashgan didaktik ta'minot vositasida rivojlantirish., Doktorlik dissertatsiya. –Toshkent: 2016.



**REZYUME.** Maqolada bugungi kunda tarixiy voqelikni imitatsiyalashda muzeylar, undagi noyob eksponatlar orqali o'quvchilarga tarixiy bilimlar, tarixiy tafakkurning yuksalishida juda ahamiyatli ekanligi haqida so'z etilgan.

**РЕЗЮМЕ.** В статье говорится о том, что музей имеет большое значение в имитации исторической реальности, в развитии исторических знаний и исторического мышления через уникальные экспонаты.

**SUMMARY.** The article says that museums are of great importance in imitating historical reality, in developing historical knowledge and historical thinking through unique exhibits.